

STATE OF FLORIDA Ekzamen Medikal lè Antre Lekòl

Pou Paran/Gadyen: Tanpri konplete epi siyen Pati I - Istwa Medikal Timoun-nan - *Part I - Child's Medical History*.
Lalwa Leta a ekzije yon egzamen medikal lè yon timoun ap antre lekòl. Se yon pwofesyonèl ki gen yon lisans ke Leta apwouve ki dwe fè konsiltasyon-an. Chak distri eskolè, onivo lokal, kapab detèmine lòt kondisyon adisyonnèl ki ekzijib.

(Tanpri ekri an lèt detache)

Non timoun-nan (Siyati, Prenon, Non mitan)	Dat nesans	Sèks
Adrès (non ri-a)	Lekòl	Klas (Grade)
Vil ak Zipkòd	Nimewo telefòn lakay	Paran/Gadyen (Siyati, Prenon, Non mitan)

PATI I - ISTWA MEDIKAL TIMOUN-NAN

Pou Paran/Gadyen: Tanpri fè yon tchèk sou kote repons keksyon 1 rive 8 ki anba a nan kolòn agoch.

(Tanpri esplikè repons ou nan espas ki anba a si ou reponn "Wi".)

1. Wi ___ Non ___ Èske ou gen preyokipasyon ak enkyetid osijè eta sante pitit-ou (abitid manje ak dòmi, pwa timoun-nan, etc.)?
2. Wi ___ Non ___ Èske ou gen enkyetid osijè yon maladi espesifik, pwoblèm sosyal/emosyonèl oswa konpòtman?
3. Wi ___ Non ___ Èske timoun-nan fè alèji ak (manje, piki ensèk, medikaman, etc.)?
4. Wi ___ Non ___ Èske gen preskripsyon doktè (medikaman timoun-nan dwe pran chak jou oswa tanzantan)?
5. Wi ___ Non ___ Èske timoun-nan gen pwoblèm pou wè, tande, oswa pale (pote linèt, vè kontak, tib nan zòrèy, aparèy pou ede-li tande)?
6. Wi ___ Non ___ Èske timoun-nan te entènè lopital, fè yon operasyon, oswa gen yon gwo maladi (espesifye pwoblèm-la)?
7. Wi ___ Non ___ Èske gen gwo blesi ak donmaj oswa aksidan (espesifye pwoblèm-la)?
8. Wi ___ Non ___ Èske ou ta renmen diskite yon pwoblèm ki konsène sante pitit-ou avèk yon enfimye lekòl-la?

Pou Paran/Gadyen: Tanpri esplikè poukisa ou reponn "Wi" a nenpòt kesyon ki anwo a.

Mwen se paran/gadyen timoun ki gen non-ni ekri anwo a. Mwen bay pèmision pou enfòmasyon ki nan PATI 1 ak 2 ki sou fòm-sa e ki konsène pitit-mwen itilize. Mwen konprann estaf lekòl-sa ak pwofesyonèl sante distri a ki la pou founi sèvis swen sante, se yo-mem sèl ki ka revwa epi sèvi ak enfòmasyon an, sèlman nan bi satisfè bezwen edikatif ak sante pitit-mwen. Mwen bay konsantman-mwen ak fèm volonte-m, pou pitit-mwen resevwa sèvis, sèvis-yo se ka obsèvasyon nan saldeklas, konsiltasyon pou sante mantal, ak tès deteksyon (screening) nan domenn-sa-yo: tande, wè, nitrisyon, jan lap devlope pou laj-li, devlopman sosyal e emosyonèl, swen dan ak tretman epi fè swivi. Mwen dakò epi otorize pitit-mwen monte nan bis lekòl-la pou ale kote yo ofri sèvis-sa-yo epi pou li jwenn aksè nan sèvis leson natasyon ak pwonnad (field trip).

Siyati Paran/Gadyen

Dat

Kolaborasyon ak Rekòmandasyon pou Prepare Antre Lekòl nan Preskolè ak Kindègadenn

Pou Paran/Gadyen: Tanpri al wè doktè espesyalis epi jwenn sèvis pou konnen si pitit-la gen pwoblèm sante. Sèvis-yo liste anba a. Tanpri kolabore ak founisè swen sante ou pou korije oswa trete nenpòt pwoblèm sante ki kapab afekte abilite pitit-ou pou li aprann lekòl. **(Nou rekòmande sèvis-sa-yo men yo pa ekzijib.)**

1. Ekzamen ak evalyasyon konplè zye (laj 3-5 ane) Dat tès medikal-la: _____ Rezilta tès-la: _____ Founisè swen sante: <i>(tcheke youn)</i> Optometris ___ Doktè je (oftalmolojis) ___	Tanpri dekri ki aksyon koreksyon ki nesèsè pou nenpòt pwoblèm ki te detekte ak adaptasyon ki nesèsè.
2. Evalyasyon ak egzamen konplè dan Dat tès medikal-la _____ Rezilta tès-la: _____ Dantis: _____	Tanpri dekri ki aksyon koreksyon ki nesèsè pou nenpòt pwoblèm ki te detekte ak adaptasyon ki nesèsè.
3. Evalyasyon jan timoun-nan tande (<i>hearing screening</i>) Dat tès medikal-la: _____ Rezilta tès-la: _____ Founisè swen sante: _____	Tanpri dekri ki aksyon koreksyon ki nesèsè pou nenpòt pwoblèm ki te detekte ak adaptasyon ki nesèsè.

